

Nim. 202.41

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, ak pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a mwen kontinye direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.31 an, amwens ke li ranplase pa yon direktiv ki vin apre;

**ANPLIS DE SA**, avèk dokiman sa a mwen sispann oswa modifiye tanporèman sa ki annaprè yo ak prezante direktiv sa yo, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 13 jiyè 2020:

- Enstriksyon ki nan Dekrè Egzekitif 202.7 la, jan yo pwolonje ak amande li pa Dekrè Egzekitif 202.36, ki egzije tout salon kwafi yo, salon tatou oswa pising ak sèvis swen pèsònèl ki an rapò yo pou yo fèmen pou manm piblik la modifiye ankò ak dokiman sa a nan limit ki nesèsè pou pèmèt ouvèti sèvis swen pèsònèl sa yo, sèlman nan limit ak nan rejyon ki an akò ak direktiv Depatman Sante (Department of Health) a ke yo te pibliye pou re-ouvèti Faz Twa a.
- Dekrè Egzekitif 202.35, ki te pwolonje pwovizyon lwa ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.3, 202.4, 202.5, 202.6, 202.7, 202.8, 202.10, 202.11, 202.13, 202.14, 202.28, ak 202.31, ak 202.34 ki yo chak te fèmen oswa otreman limite biznis piblik oswa prive yo oswa espas akomodasyon piblik yo, ak Dekrè Egzekitif 202.38 ki mande ranvwa, anilasyon oswa limitasyon nan gwosè tout rasanbleman gwoup moun ki pa esansyèl epi ki plis pase dis moun yo, epi ki ansanm konstitiye New York On PAUSE, avèk dokiman sa, li ap kontinye jiskaske epi amwens ke pi devan yo te pwolonje oswa amande li pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti, a kondisyon, sepandan:
  - Sa antre an vigè 12 jen 2020, rediksyon ak restriksyon yo sou mendèv an pèsòn nan biznis ki pa esansyèl yo oswa lòt antite yo pa dwe aplike pou endistri nan Faz Twa yo ankò, jan Depatman Sante a detèmine, nan rejyon ki elijib yo, ki gen ladan:
    - Restoran/Sèvis Manje yo; ak
    - Swen pèsònèl.
  - Biznis oswa endistri ki ouvri nan Twazyèm Faz sa yo dwe fonksyone epi sijè a enstwiksyon ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) a te pwomilge.
  - Apati dat 12 jen 2020, rejyon yo ki respekte mezi sante ak sekirite piblik ke yo te preskri yo ki obligatwa pou reyouvèti Twazyèm Faz yo se: Finger Lakes, New York Santral, Mohawk

Valley, Southern Tier, ak North Country. Yo pral konsidere nenpòt rejyon adisyonèl ki ranpli kritè yo apre dat sa pou yo enkòpore yo nan Dekrè Egzekitif sa a san revizyon adisyonèl epi yo pral gen pèmisyon pou yo retounen ouvri endistri Twazyèm Faz yo, ki sijè a menm tèm ak kondisyon yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan trèzyèm jou mwa jen nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a